

BAB V

KACINDEKAN, IMPLIKASI, JEUNG RÉKOMÉNDASI

5.1 Kacindekan

Ieu skripsi judulna nyaéta “Ajén Kaagamaan dina Guguritan *Sinom Wawarian* Karya Haji Hasan Mustapa, Ulikan Struktural”. Dina ieu panalungtikan ngagunakeun métode déskriptif analisis kalawan pamarekan kualitatif. Téhnik ngumpulkeun data nu digunakeun nyaéta studi pustaka.

Ieu panalungtikan téh miboga udagan pikeun nganalisis 1) struktur guguritan, 2) struktur lahir puisi, 3) struktur batin puisi, jeung 4) ajén kaagamaan nu nyangkaruk dina guguritan *Sinom Wawarian* karya Haji Hasan Mustapa. Data nu digunakeun dina ieu panalungtikan nyaéta sakabéh kumpulan guguritan nu aya dina buku *Sinom Wawarian*. Eusi tina éta buku sakabéhna aya 101 pada nu wangunna pupuh sinom. Sababaraha tiori digunakeun dina ieu panalungtikan nyaéta: 1) Pikeun maluruh jeung medar ngeunaan struktur guguritan, digunakeun tiori Satjadibrata nu di jerona ngawengku guru wilangan, guru lagu, jeung gatra, 2) struktur lahir puisi nurutkeun tiori Alton C. Morris nu ngébréhkeun yén puisi diwangun ku diksi, kecap kongkrit, imaji, majas (basa figuratif), jeung ritme/ rima (purwakanti), 3) tiori I.A Richard ngeunaan hakékat puisi atawa unsur batin puisi nu ngawengku téma, nada, rasa, sarta amanat; jeung 4) tiori ajén kaagamaan dumasar pamadegan Nasruddin razak nu nyebutkeun yén ajén kaagamaan ngawengku tilu pilar nyaéta tauhid, ahlak, jeung ibadah.

Pedaran kahiji ngeunaan struktur guguritan dina buku *Sinom Wawarian*, katitén jumlah sakabéhna aya 101 pada nu diwangun ku 909 padalisan. Tina sababaraha pada éta, aya nu teu saluyu jeung patokan pupuh sinom ilaharna, sanajan kitu, lain hartina ngurangan kana ma’na anu nyangkaruk di jerona. Kapanggih aya 13 pada nu guru wilanganna teu saluyu, nyaéta dina pada ka-1, ka-4, ka-10, ka-20, ka-21, ka-47, ka-58, ka-62, ka-75, ka-81, ka-85, ka-88, jeung ka-90. Tina 13 pada éta, sakabéhna aya kasangkutan naha pangna teu saluyu, lain guru wilangan nu diudag, tapi guru lagu sangkan saluyu jeung pedotan pupuh sinom.

Pedaran kadua ngeunaan struktur lahir puisi dina guguritan *Sinom Wawarian*. Struktur lahir puisi nu kapanggih dina objék panalungtikan kawilang

lengkep jeung varitif, éta hal téh nuduhkeun nu ngagurit teu sagawayah dina nulisna. Struktur lahir nu dipaluruh nyaéta, 1) diksi, dina guguritan *Sinom Wawarian* aya 40 kecap nu dijadikeun conto minangka kekecapan nu ahéng; 2) kecap kongkrit, kapanggih aya 13 kecap nu dijadikeun conto sarta ngawakilan tina téma; 3) imaji, dina ieu guguritan kapaluruh lolobana maké imaji pangrungu, pangrasa, gerak, jeung pangambeu; 4) gaya basa nu bisa dicangking tina guguritan éta nyaéta nu ngagurit remen ngagunakeun gaya basa babandingan, mijalma, kadalon jeung rarahulan; 5) ritme/ rima (purwakanti), purwakanti nu kapanggih dina ieu guguritan nyéta purwakanti laraswekas, pangluyu, mindoan kawit, margaluyu, jeung larasmadya.

Struktur batin nu kapanggih dina buku *Sinom Wawarian*, ditilik tina eusina silih patali. Mimiti téma nu dicokot ku nu ngagurit, terus nada nu nyangkaruk di jerona, rasa nu bakal karasa sanggeus dibaca, tepi ka amanat nu hayang ditepikeun ku nu ngagurit. Struktur batin nu dipaluruh nyaéta, 1) téma atawa maksud nu aya dina jero guguritan, dina ieu guguritan kapanggih yén témana ngeunaan religi Islam, utamana leuwih nyindekel kana rukun Islam. Lian ti éta, dina ieu guguritan kapanggih sababaraha istilah dina basa Arab, ayat-ayat Qur-an, alam imajinasi budaya Sunda, sarta réalitas kahirupan nu nyaritakeun pangalaman pribadi, 2) nada nu kapanggih dina ieu guguritan nyaéta méré peupeujeuh jeung nyindir, 3) rasa nu aya dina ieu guguritan nyaéta kasono, waas, jeung pasrah, 4) amanat nu kapanggih nyaéta peupeujeuh atawa tapakur kahirupan anu disamunikeun ngaliwatan religi.

Ajén kaagamaan nu nyangkaruk dina guguritan *Sinom Wawarian* karya Haji Hasan Mustapa nyaéta ngawengku kana tauhid, ahlak, jeung ibadah. Haji Hasan Mustapa dipikawanoh minangka kiai nu loba santrina, teu héran dina karya-karya nyokot ngeunaan kaagamaan. Sakumaha nu ditulis dina guguritan *Sinom Wawarian* nu medar ngeunaan rukun Islam nyaéta solat, puasa, jeung jakat.

Dumasar panalungtikan, bisa dicindekkeun yén struktur lahir nu aya dina guguritan *Sinom Wawarian* kawilang lengkep jeung variatif ku réana kekecapan ahéng nu aya di jerona. Sakabéh unsur struktur batin dina eusina silih patali ti mimiti téma, nada, rasa, jeung amanat. Sok sanajan aya guru wilangan nu teu saluyu jeung kantangtuan pupuh sinom, tapi éta teu ngaleungitkeun ajén nu nyangkaruk di

jerona. Pamungkas ngeunaan ajén kaagamaan, tina 101 pada nu aya dina sababaraha pada medar ngeunaan tilu rukun Islam nyaéta solat, jakat, jeung puasa.

5.2 Implikasi

Sanggeus panalungtikan dilaksanakeun, dipiharep ieu hasil panalungtikan bisa ngeyeuban dina widang kasusastraan hususna guguritan atawa wangun puisi séjénna. Satuluyna bisa ngajembarkeun deui pangaweuh ngeunaan struktur guguritan, struktur lahir puisi, jeung struktur batin puisi. Ajén kaagamaan dina ieu guguritan bisa dipaké pikeun dilarapkeun dina kahirupan sapopoé, upamana ngalaksanakeun solat, jakat, jeung puasa minangka cara pikeun ngudag kabagjaan nu sampurna, jeung sangkan milampah pagawéan nu hadé nalika hirup di dunya sarta jadi pibekeleun pikeun di ahérat jaga.

5.3 Rékoméndasi

Ieu panalungtikan téh tangtu loba kahéngkéranna. Sok sanajan kitu, ieu hasil panalungtikan dipiharep bisa ngeyeuban jeung ngajembaran pangaweruh nu ditujukeun ka sababaraha pihak, nyaéta ieu dihandap.

Pikeun nu nalungtik, leuwih ngajembaran paélmuhan dina widang kasusastraan hususna dina guguritan sarta ngadadasaran pikeun ngalaksanakeun panalungtikan satuluyna.

Pikeun guru, bisa ngamangpaatkeun sangkan jadi bahan dina ngajarkeun guguritan ka murid. Lantaran eusina geus dipedar, tangtuna bisa leuwih babari dina nyangkingna. Satuluyna bisa dimekarkeun ngaliwatan rupa-rupa média.

Pamungkas pikeun masarakat, bisa dijadikeun sumber mikawanoh jeung maham kana eusi salasihiji karya Haji Hasan Mustapa, sangkan teu kajadian deui miagul Haji Hasan Mustapa tapi teu nyaho kana karyana. Lian ti éta, pikeun nambahan pangaweruh masarakat Sunda, sarta dipaké salaku média dina ngajembarkeun pangaweruh jeung sawangan hirupna, utamana bisa mekarkeun pangaweruh dina widang kabasaan jeung sastra.